



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ETABLI BIWO OFISYE ANCHÈF POU MOUN KI ANDIKAPE

### *Li nonmen Kimberly T. Hill kòm premye Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta a*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse etablisman Biwo Ofisye anchèf pou Moun ki Andikape (Office of the Chief Disability Officer) pou defann nan non moun ki gen andikap yo epi li te nonmen Kimberly T. Hill kòm premye Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta a.

"Administrasyon mwen an angaje li pou li pwoteje dwa tout Nouyòkè yo pou yo viv ak travay nan eta nou an san pè diskriminasyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan pou nou priyore pwoteksyon kominote ki pi vilnerab nou yo, epi nouvo Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape a pral asire nou rete responsab pou pouwit yon New York ki pi divèsifye, ki pi enklizif e ki pi ekita."

An 1983, yo te etabli Biwo Defans Eta pou Moun ki Andikape yo atravè Dekrè Egzekitif 26 la. Travay prensipal biwo a se te defann nan non moun ki andikape yo epi aplike lwa ki anpeche diskriminasyon kont kominote a.

Sepandan, fonksyon ak responsablite biwo a te nan yon limit ki laj absòbe pa yon enstans diferan lè te etabli Komisyon an sou Kalite Swen (Commission on Quality of Care, CQC) ak Defans pou Moun Andikape yo an 2011. Answit, yo te elimine CQC a lè yo te kreye Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal la (Justice Center for the Protection of People with Special Needs).

Pandan ke te gen anpil pwogrè nan sèvis ki disponib pou moun ki gen andikap yo, li enpòtan pou priyore bezwen tout kominote andikape yo, ki gen ladann moun ki gen andikap fizik sansoryèl, mobilite, entelektyèl, devlopmanal, ak andikap sikyatrik, ak yon Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape, ki dirije yon biwo ki byen ekipe ak resous.

**Komisè pa Enterim Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal la, Kerry Neifeld, te deklare,** "Nan OPWDD, nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li kontinye montre moun ki andikape yo atravè Eta New York ke yo gen yon vwa solid ak sipò nan administrasyon li an. Nominasyon yon Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikap a pral non sèlman bay yon fòs motris pou defann dwa tout Nouyòkè ki gen yon andikap, men nouvo pozisyon sa a pral ede tou asire ke moun yo ka viv yon fason endepandan

nan jan sa posib nan kominote yo chwazi a, ak sipò konplè pou atenn objektif endividyèl yo, epi ede kraze vid yo epi asire moun yo ka gen aksè ak sipò yo bezwen yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare,** "Nominasyon yon Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape pou Eta New York la se yon etap ki pi byen akeyi pou atenn objektif enpòtan pou asire jistis, enklizivite, ak aksesibilite pou Nouyòkè yo ki gen bezwen espesyal yo. Sa a se yon opòtinite pou Eta New York ogmante konsyantizasyon sou andikap ak chanje pèsèpsyon yo. Gouvènè a te fè yon bon chwa pou premye Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta a. Pa gen moun ki pi kalifye pou pòs la pase Kimberly T. Hill, ak anpil eksperyans li nan defann moun ki gen andikap yo."

**Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare,** "OCFS ap selebre nominasyon yon ofisye anchèf andikap pou eta nou an. Garanti kont diskriminasyon ak defann bezwen moun ki andikape yo pral kreye yon kilti ekite ak enklizivite ki ekioe nan tout eta a. Epi yo pral enkòpore bezwen kominote andikape yo nan règleman yo, sa ki enpòtan anpil. OCFS vrèman kontan pliske Komisyon Eta New York pou Moun Avèg yo tonbe nan chan enterè nou."

**Komisè Asosye Komisyon pou Moun Avèg Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) an, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou sipòte bi Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape a. Sa a enteresan epi li se yon resous ki nesesè pou ede moun ki gen andikap yo briye pèsònèlman ak pwofesyonèlman nan Eta New York. Moun ki gen andikap yo ta dwe gen aksè konplè a tout sa Eta New York gen pou ofri, epi ansanm, nou ka kreye nouvo opòtinite ansanm ak yon pi gwo konpreyansyon sou enpòtans vrè aksesibilite. Komisyon an remèsye Gouvènè Hochul pou angajman solid li pou ede Nouyòkè ki avèg ak moun ki gen pwoblèm vizyèl yo."

**Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York Julissa Gutierrez te deklare,** "Se yon onè pou m akeyi Kimberly T. Hill pou li dirije nouvo Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta a. Anons sa a se yon temwayaj angajman Gouvènè Hochul pou avanse divèsite, ekite, ak enklizyon atravè Eta a. Reprezantasyon enpòtan e anons sa a montre tou enpòtans pou santre lidè yo ak eksperyans yo viv yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak Kim, ki se yon ekspè nan domèn sa a e ki se yon defansè enfatigab pou moun ki gen andikap yo."

Yo te nonmen Kimberly T. Hill kòm premye Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta a. Dènyèman Madam Hill te sèvi kòm Analis Prensipal pou Komite Pèmanan Asanble Eta New York sou Moun ki Andikape yo. Anvan sa li te sèvi kòm Direktè Gwoup Travay Asanble a sou Moun ki Andikape yo, ki te konsantre sou pwoblèm ki gen rapò prensipalman ak moun ki gen andikap fizik ak sansoryèl yo. Nan wòl sa a, Madam Hill te travay avèk defansè andikap yo, Prezidan Asanble yo ak anplwaye yo sou plizyè pwoblèm priyorite ki te mennen nan adopsyon pwojè lwa tankou Konsèy Kowòdinasyon Anviwònman ki pi Entegre (Most Integrated Setting Coordinating Council, MISCC), Egzansyon Tranzisyon ak Divèsyon Etablisman Swen Enfimye, Pwogram Acha

Medicaid nan Eta New York, ak kodifikasyon Tit II ak III nan Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo nan lwa Eta a.

Madam. Hill te kowòdone tou 24 Jounen Sansibilizasyon sou Andikap Lejislatif pou Asanble a kote plizyè santèn moun te rasanble chak ane pou enfòmè lejislasyon yo, anplwaye yo ak lòt moun sou pwoblèm andikap yo epi yo te rekonèt reyalizasyon moun ki andikape yo ak defansè yo tou. Madam Hill se yon manm piblik ke yo nonmen nan MISCC depi kreyasyon li an 2002. Madam Hill te kòmanse karyè li nan sèvis Eta kòm ekriven pou Depatman Sèvis Kominikasyon ak Enfòmasyon (Communication and Information Services Department) Asanble a. Li gen yon diplòm Lisans nan Syans nan Utica College of Syracuse University epi li rezide nan Latham, NY.

Nan kad lidèchip Kim, Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape a pral etabli New York kòm yon modèl pou enklizivite, entegrasyon, ak aksesibilite nan asire tout politik, pwogram, ak aktivite Eta a yo vrèman satisfè bezwen tout moun ki andikape yo. Kim pral kolabore ak Ofisye Anchèf Divèsite Eta a nan Chanm Egzekitif la pou ranfòse davantaj yon apwòch konplè sou divèsite, ekite, ak travay enklizyon atravè Eta a. Kim pral kowòdone tou aplikasyon Eta a nan Lwa sou Ameriken ki Andikape yo epi sèvi kòm Prezidan Konsèy Kowòdinasyon Anviwònman ki pi Entegre.

**Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta New York yo, Kimberly T. Hill, te deklare,** "Se onè inik pou mwen sèvi kòm premye Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape nan Eta New York. M ap tann ak enpasyans pou m dirije yon Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape ki byen ekipe ak resous pou pote vwa ak priorite tout moun ki andikape yo nan premye ran epi travay pou yon New York ki pi entegre, ki pi enklizif ak pi aksesib. Mèsi Gouvènè Hochul pou opòtinite enkwayab sa a."

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Mwen onore pou m rejwenn Gouvènè Hochul nan make etap enpòtan sa a pou kominote andikape a. Pandan twò lontan, plizyè milyon Nouyòkè te manke sipò nan nivo ajans yo ke yo te merite yon fason dezespere. Kreyasyon biwo defans sa a vle di moun k ap viv ak andikap yo pral finalman gen yon plas bò tab la epi yo pral kapab fòme politik ak pwogram ki afekte lavi yo dirèkteman chak jou."

**Senatè Eta a, Joh/n W. Mannion, te deklare,** "Lè li kreye nouvo Biwo pou Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape yo, Gouvènè Kathy Hochul ap bati sou bilan li nan abòde pwoblèm ijan yo Nouyòkè andikape yo ap rankontre. Mwen fyè pou m patwone an patenarya lwa ki bay moun ki gen andikap yo yon vwa nan pi wo nivo nan gouvènman eta a. Mwen rekonesan anvwè Gouvènè Hochul pou patenarya kontinyèl li pou adrese pwoblèm ki gen enpak sou kominote andikape yo ak Lidè Majorite a, Andrea Stewart-Cousins, Senatè James Skoufis, ak Manm Asanble Steck pou lidèchip yo."

**Manm Asanble Phil Steck te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li wè valè lejislasyon sa a epi li siyen li an lwa. Li enkwayab pou mwen ke gen 3 milyon Nouyòkè k ap viv ak yon andikap epi pa gen yon defansè politik ki reprezante bezwen yo nan

gouvènman eta a. Sa a se yon gwo etap an avan pou moun k ap viv ak andikap yo nan Eta New York. Kominote a pral benefisye lè yo gen Kim Hill nan pòs lidèchip sa a."

**Manm Asanble Tom Abinanti te deklare,** "Mwen bat bravo pou aksyon rapid gouvènè a nan ranpli pòs ak nonmen Kimberly Hill kòm Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape. Gouvènè Hochul konprann nesosite pou gen yon defansè devwe pou kominote andikape a ki abitye ak defi patikilye Nouyòkè andikape yo ap rankontre ak sa gouvènman an ka fè pou ede."

**Direktris Egzekitif Sant Lavi Endepandan nan Hudson Valley; Denise Figueroa, te deklare;** "Kominote andikap la te tann anpil ane pou yo gen yon vwa nan gouvènman eta a. Nou vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li lè li kreye biwo sa a epi sa ki pi enpòtan paske li rekonèt nesosite pou gen politik kowòdone ki gen rapò ak andikap. Nou pa ka tann pou nou travay ansanm pou nou trase yon egzanp pou lòt eta yo swiv."

**Bruce Darling, ki Direktris Egzekitif Jeneral Sant pou Dwa Moun ki Andikape (Center for Disability Rights, CDR) yo, te deklare,** "Nan non 7,000 manm Sant pou Dwa Moun ki Andikape yo ki abite nan chak kwen nan eta a, mwen vle bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pati lwa enpòtan anpil sa a ki asire Nouyòkè ki Soud ak Andikape yo reprezante yon fason efikas nan gouvènman eta a epi yo jwenn aksè ak sèvis eta yo."

**Direktè Egzekitif Jeneral New York Association of Psychiatric Rehabilitation Services la, Harvey Rosenthal, te deklare,** "Nou dwe Gouvènè Hochul anpil remèsiman pou yon moman istorik ki voye yon mesaj espwa, angajman ak sipò bay plis pase 3 milyon Nouyòkè ki gen andikap. Anfen, nou pral gen yon manm pèsonèl ak biwo ki angaje nan pwoteje ak pwomote dwa ak bezwen kominote nou an anjeneral ak yon gouvènè ki angaje nan devlopman yon plan ki pral fikse objektif pou ogmante òf lojman, travay ak transpò atravè tout. eta a."

**Meghan Parker, Direktè Defans nan Asosyasyon pou Vi Endepandan nan New York (New York Association on Independent Living), te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kreye yon Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape. Lè Gouvènè Hochul etabli biwo sa a, te li deja distenge tèt li kòm li yon moun ki reponn ak bezwen kominote moun ki andikape yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk administrasyon Hochul la ak biwo sa a alavni pou abòde pwoblèm grav moun andikape yo ap fè fas atravè Eta a."

**Prezidan Komite Vandè Avèg la nan Eta a, Karen Blachowicz, te deklare,** "Nan non Komite Vandè Avèg la nan Eta New York, nou ta renmen remèsye gouvènè a pou kreyasyon Biwo Ofisye Anchèf pou Moun ki Andikape a. Jan sa te mansyone nan Diskou sou Sitiyasyon Eta Gouvènè a, Pwogram Antrepriz Komèsyal yo ofri opòtinite travay pou Nouyòkè yo ki avèg legalman. Nou bat bravo pou aksyon li yo ki rekonèt antreprenè avèg yo k ap travay di nan eta nou an epi nou remèsye li paske li rekonèt priyorite yo bay vandè avèg yo nan kad Lwa Randolph Sheppard Eta New York la. Komite Vandè Avèg Eta New York la ap tann ak enpasyans pou li travay avèk Ofisye

Anchè pou Moun ki Andikape a pou idantifye fason pou amelyore ak elaji Pwogram Antrepriz Komèsyal la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418